



Pou Piblikasyon Imedya: 13/07/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES ANONSE DEPO FÒMÈL
DEKRÈ KONSANTMAN OBLIGATWA POU FÈ AVANSE METRIZ KONPLÈ
DEVÈSMAN LAMARIN-GRUMMAN LAN**

Northrop Grumman ak Marin Ameriken an, toulede angaje fòmèlman pou aplike netwayaj istorik ki anpeche plis pwopagasyon kontaminasyon an

Northrop Grumman dakò pou règleman 104.4 milyon dola dedomajman resous natirèl pou netwayaj avanse, apwobizyonman dlo piblik, ak pwojè pwoteksyon akifè yo

Travay la deja ankou pou pwoteje epi restore akifè sous inik la

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral Letitia James te anonse jodi a depo yon dekrè konsantman nan tribinal la ki egzije Northrop Grumman fòmèlman pou fè avanse yon plan konplè pou restrenn epi netwaye devèsman dlo anba tè ki asosye ak Etablisman Bethpage Northrop Grumman lan ak sit Izin Rezèv Endistriyèl Zam Naval yo nan Bethpage. Metriz devèsman dlo soutèren sa a anba kontwòl konplè ap anpeche pwopagasyon kontaminasyon davantaj nan rezèv dlo yo nan kominote avwazinant yo epi bay rezidan lokal yo lapè nan lespri yo.

"Chak Nouyòkè merite gen aksè nan dlo ki an sekirite, ki pwòp, epi n ap kontinye fè avanse efò ki odasye, agresif, pou pwoteje anviwònman nou epi asire ke li san kontaminasyon," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak akò istorik sa, n ap bay jistis a kominote Long Island yo ki te afekte pandan twò lontan pa devèsman souteren an, pandan n ap rann moun k ap fè polisyon yo responsab de aksyon yo. Asire sante ak sekirite kominote nou pami pi gwo priyorite nou nan eta sa, epi n ap kontinye asire gen sous dlo ki fyab, pwòp pou tout Nouyòkè pou jenerasyon k ap vini yo."

Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare, "Pandan plizyè deseni, Northrop Grumman te okouran de sit dechè danjere li yo te fuite sibstans ki toksik nan sèl sous dlo potab Long Island lan, men pandan plizyè deseni, Northrop Grumman te nye responsablite a. Moun Long Island yo te peye pri a pou neglijan konpayi an, men jodi a, n ap fòse Grumman pou finalman abòde abi anviwòmantal li a lè li peye minisipalite yo ak eta a ki dwe netwaye dezòd li a. Fas ak desizyon iresponsab Tribinal Siprèm lan pou restrenn

kapasite EPA a pou règleman konpayi yo pou emisyon sal yo, mwen plis angaje ke jamè pou diminye risk domaj antrepriz tankou Northrop Grumman yo te fè. M ap kontinye travay ak patnè nan gouvènman yo pou asire ke okenn moun pa pran lafuit ak degradasyon anviwònman nou an, resous natirèl nou yo, ak avni timoun nou yo."

"Dekrè konsantman sa se yon mezi ki nesèsè pou asire sekirite anviwònman ak dlo potab nou an nan zòn etablisman Northrop Grumman lan," **Gouvènè Adjwen Antonio Delgado te deklare.** "Sa depann de nou pou asire ke timoun nou yo ap genyen yon anviwònman ki an sekirite kote pou yo grandi epi pwospere epi mezi sa ap pote rekonfò ak lapè lespri sa nan kominote Bethpage."

Dekrè final la reflekte akò ant Eta New York ak Northrop Grumman k ap komemore nivo netwayaj Grumman epi rezoud ranbousman depans Eta yo ak responsablite Northrop Grumman pou Domaj nan Resous Natirèl yo (NRD). Akò a bay tou yon pwogram patisipasyon sitwayen ki pi solid, ki genyen ladan l finansman pa Grumman pou yon gwoup travay patisipasyon sitwayen k ap pèmèt tout moun ki enterese genyen pi bon aksè nan enfòmasyon epi bay plis kontribisyon konsènan netwayaj konpayi an jan DEC a te sipèvizè a. Pou premye fwa dekrè a genyen yon pwogram, k ap fini senk ane apre dat dekrè a antre anvigè a depi li te adopte pa trivinal la epi egzije Grumman fini tout konstriksyon ki dokimante nan akò a. Sa reflekte tou kontribisyon li te resevwa nan kominote yo pandan yon peryòd kòmantè piblik sou yon dekrè konsantman bouyon an lè yo te mande pèman NRD siplemantè nan men Northrop Grumman nan distri dlo ki te afekte yo epi k ap prezève klèman dwa vil Oyster Bay pou fè reklamasyon kont pati ki responsab yo.

Jan yo te anonse anvan an, Northrop Grumman te dakò pou yon aranjman NRD ki gen valè 104.4 milyon dola k ap itilize pou avanse netwayaj, apwovizyonman dlo piblik, ak pwojè pwoteksyon akifè ki asosye ak devèsman an. Yon total 63.5 milyon dola pèman ki enkli nan NRD a, ki konpoze ak 29 milyon dola ki konsakre pou Distri Dlo Bethpage la, 12.5 milyon dola ki konsakre pou Distri Dlo South Farmingdale la, ak 22 milyon dola ki konsakre pou Eta New York pou itilizasyon nan pwojè restorasyon yo. Nan kad Dekrè Konsantman an, Northrop Grumman te kredite pou 40.9 milyon dola pou netwayaj siplemantè ki pou fèt dapre akò règleman an.

Dekrè konsantman an angaje Northrop Grumman pou metrize pwent lès ak sid devèsman an, ak yon eliminasyon ki amelyore kontaminan nan pòsyon santral devèsman an. Espesyalman, Northrop Grumman ap konsevwa ak fouye pwi kontwòl nan zòn lès-santral la ak nan zòn sidès panach la pou anpeche plis migrasyon nan zòn sa a epi pou bay pwoteksyon adisyonèl pou pwi rezèv dlo piblik ki tou pre yo. Pui sa yo, ansanm ak lòt aksyon yo egzije dapre dekrè konsantman an, ap ede netwayesibstans konpoze òganik epi danjere ki volantil ke etablisman sa yo libere, ki genyen ladan yo Trikloroetilèn ak Diyokzan 1,4.

Finalizasyon Dekrè Konsantman an te akselere travay avanse a ki enkli lansman yon envestigasyon preliminè nan kadran sidès devèsman an. Envestisman sa genyen ladan l foraj yo sezon ete sa pou akselere enstalasyon pui ekstraksyon yo.

Anplis, Marin Ameriken an, apre negosyasyon ak DEC a, ap mete anplas eleman redrèsman konplè nan zòn devèsman an ke Marin lan responsab pou netwaye a. Mezi sa yo fèt espesyalman pou abòde mwaye lwès devèsman Marin-Grumman lan. Marin Ameriken an ap fè obligasyon li dapre yon Eksplikasyon Diferans Enpòtan, ki te finalize nan mwa septanm 2021.

Ansanm, mezi sa yo ak travay Marin lan alanteryè ak maj nan devèsman an ap pèmèt yo kontwole ak akselere netwayaj devèsman an. Anplis de sa, tout pati yo te dakò pou siveye ak anpil atansyon metriz ak mouvman devèsman an pou asire efikasite kontini pou remède ak pou fè tout ajisteman, nan kad akò yo, ki nesèsè pou reyalize objektif plan netwayaj la.

Depi 2020, Marin Ameriken an ak Northrop Grumman te deja fè pwogrè ki enpòtan pou aplike tretman ki nesèsè, ki enkli pou kòmanse enstalasyon yon rezo pui ekstraksyon pou restrenn epi redrese panach ki kontamine a nan fason idwolik. Pa egzanp, Marin lan te kòmanse konstriksyon yon izin tretman souteren modèn ke yo prevwa k ap kòmanse fonksyone nan fen ane sa, enstale kat nan sis pui ekstraksyon ki nesèsè yo, kòmanse enstalasyon tiyo transpò ki soti nan pui ekstraksyon yo nan izin tretman an, epi reyabilite de basen rechaj pou jere dlo trete a, pami lòt travay ki ankou.

Nan kad yon sistèm ekstraksyon souteren ak tretman pou abòde kontaminasyon sid Pak Kominotè Bethpage la, Grumman te kòmanse tou konstriksyon yon nouvo izin tretman souteren ke yo prevwa k ap kòmanse fonksyone vè fen ete 2022 a, ki konplete enstalasyon 11,000 pye tiyo transpò, epi kòmanse ekipe twa pui ekstraksyon. Alafwa Northrop Grumman ak Marin lan ap kontinye jere twa sistèm ekstraksyon ak tretman souteren ki egziste pou elimine kontaminasyon nan fason ki efikas ki soti nan akifè sous Long Island lan (plis pase 200,000 livw depi premye sistèm nan te vin anliy an 1998). Travay sou egzijans ki rete yo ankou epi y ap sipèvizè depirè pa DEC.

Anplis mezi Marin Ameriken an ak Northrop Grumman yo pou aplike netwayaj yo, Eta New York ap pouswiv lòt pati ki gen chans pou responsab pou fè efò ki nesèsè nan zòn ke Marin Ameriken an ak Grumman pa responsab aktyèlman yo. Si DEC a pa kapab idantifye pati responsab potansyèl pou remède zòn sa yo, Eta New York pral antreprann nenpòt netwayaj ki nesèsè.

Ou ka jwenn enfòmasyon siplemantè sou netwayaj Marin-Grumman lan [isit la](#).

Komisè Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la (Department of Environmental Conservation, DEC), Basil Seggos, te deklare, "Ak dekrè sa, Eta New York ap reyalize angajman nou pou rann moun k ap fè polisyon yo responsab epi pwoteje kominote ki afekte pa plizyè deseni kontaminasyon ke operasyon Northrop Grumman ak Marin Ameriken an te lakoz. Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal la te resevwa kontribisyon ki gen anpil valè pou dekrè a de rezidan ak lidè lokal yo epi l ap kontinye travay depirè ak piblik la pandan netwayaj konplèks epi efikas sa ap fèt konplètman pou asire metriz konplè pou pwoteksyon sante piblik ak anviwònman an."

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Aprè plizyè ane ap defann nan patenarya ak kominote Long Island yo ak Eta New York, dekrè konsantman final ki byenvini sa angaje Grumman ak Marin lan pou netwayaj ki solid, epi asire ke finansman ki tèlman nesèsè sa koule nan New York ak distri dlo lokal ki nan ban devan konba sa. M ap kontinye goumen ak Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James pou pwoteje dlo potab rezidan yo epi pou asire ke Marin lan ak Grumman fè tout sa ki nesèsè pou finalman netwaye panach la."

Senatè Eta Todd Kaminsky te deklare, "Akifè Long Island yo fè pati entegral de sa ki rann Long Island espesyal. Avèk dekrè ki finalize sa, eta a ap pran mezi ki enpòtan pou rann moun ki fè polisyon nan dlo nou yo responsab, asire nou ka bay dlo potab ki pwòp, ki sen pou jenerasyon k ap vini yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou lidèchip li nan ede pwoteje kominote nou yo."

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Netwayaj Panach Grumman lan te yon priyorite pou mwen depi mwen te antre nan fonksyon. Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James dèske yo finalize yon akò ak Northrop Grumman ki te devlope ak kontribisyon ak enterè kominote a nan lespri - pandan n ap pwoteje kontribiyab Long Island yo. Lè nou sekirize finansman ki nesèsè sa, sa se yon viktwa istorik pou Moun Long Island yo, k ap itilize pou sipòte distri dlo loal yo ak angajman kontini yo pou pwoteje dlo pwòp nou an."

Senatè John Brooks te deklare, "Panach Bethpage la se te yon ravaj nan Long Island pandan twòp ane san yon solisyon ki vyab. Lè yo nogosye akò metrize sa ak Northrop Grumman, Gouvènè Hochul ak Pwokirè James te reyalize aparaman sa okenn lòt moun pa t kapab fè; yon plan konplè pou metrize epi netwaye anba dlo ki te kontamine a epi amelyore plis sante ak sekirite sila ki afekte yo. Pliske devèsman an gen enpòtans ki pi wo pou sikonskripsyon elektoral mwen an, epi li se yon priyorite pou mwen pandan n ap avanse, mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James pou lidèchip li sou kesyon enpòtan sa."

Senatè Eta Jim Gaughran, te deklare, "Mwen vle remèsye Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James pou travay san rete yo pou fòse Northrop Grumman netwaye domaj yo te lakoz nan akifè nou an. Sa se yon gwo jou pou anviwònman nou an, dlo potab nou an ak avni Zile nou an."

Senatè Eta Anna M. Kaplan, te deklare, "chak kominote nan Long Island menase pa egzistans polisyon anba dlo nan tout kominote, epi li enperatif pou nou fè tout sa nou kapab pou netwaye dezòd sa nan pase endistriyèl nou an, pandan n ap rann moun ki fè polisyon yo responsab pou sa yo te kite deyè. Mwen rekonesan ak Gouvènè Hochul k ap abòde pwoblèm devèsman masif Grumman lan ak yon plan jeneral epi konplè pou remède pou pwoteje kontribiyab Long Island yo, epi mwen fyè pou kanpe avèk li nan efò kontini li yo pou pwoteje dlo potab la nan Long Island."

Manm Asanble Lejislativ la, Steve Englebright, te deklare, "Aons jodi a se yon etap istorik pou rektifye enjistis anviwòmantal ki soti nan Devèsman Bethpage la. Antanke

sèl sous dlo potab pou rezidan nou yo, nou dwe rann moun ki fè polisyon yo responsab. Mwen bat bravo pou Gouvènè a ak Pwokirè Jeneral la dèske yo rive ak mezi sa nan pwèn final la"

Manm Asanble, David G. McDonough, te deklare, "Mwen sipòte Gouvènè a ak Pwokirè Jeneral la pou mezi sa ki tèlman nesèsè pou pwoteje anviwònman an epi espesyalman rezèv dlo nou nan Long Island."

Manm Asanble John Mikulin te deklare, "Antanke yon lejislatè, mwen te yon sipòte san rete pou efò pou pwoteje rezèv dlo nou an epi rann moun ki fè polisyon yo responsab pou depans pou remède ak kontaminasyon devèsman Grumman lan. Dekrè Konsantman jodi a se yon etap enpòtan pou rann Grumman responsab finansyèman pou polisyon anvan nan rezèv dlo souteren nou an. Mwen konsantre tou sou travay ki toujou bezwen fèt, epi mwen pa ka tann pou kontinye travay ak eta a ak ofisyèl lokal yo pou asire yon anviwònman ki sen pou vwazen k ap viv nan zòn ak nan anviwon panach la."

Manm Asanble, Michael Durso te deklare, "Mwen bat bravo pou Dekrè Konsantman an ki rann Grumman responsab pou polisyon nan dlo anba tè nou an, epi mwen remèsye predesesè mwen, Sipèvizè Vil Oyster Bay, Joseph Saladino, pou travay li nan Asanble Eta a ki te mennen nan reyalyasyon sa. Antanke Manm Asanble, mwen pa ka tann pou kontinye yon patenarya kolaborasyon ki solid ak Gouvènè Hochul, DEC a, Vil Oyster Bay ak distri dlo lokal yo, nan pwoteje anviwònman an ak rezèv dlo pou Bethpage ak kominote ki antoure yo."

Sipèvizè Vil Oyster Bay Joseph Saladino te deklare, "Lejislasyon ke mwen se otè li a nan Asanble Eta a te atenn yon nouvo etap enpòtan ak Dekrè Konsantman jodi a ki rann Grumman responsab finansyèman pou polisyon nan pase a. Byenke gen plis travay ki toujou bezwen fèt, mwen fyè de efò kolektif nou - Gouvènè Hochul, DEC a, Vil Oyster Bay ak distri dlo lokal yo - ap pwoteje Bethpage ak kominote anviwon yo kont devèsman an ak menas li nan kominote nou an, anviwònman an ak rezèv dlo a."

Sipèentandan Distri Dlo Bethpage la, Michael J. Boufis te deklare, "Depo jodi a make lafen yon chapit ki long, epi kòmanse yon nouvo chapit, pou kominote Bethpage la. Nan non Distri Dlo Bethpage la, mwen ta renmen remèsye chak moun ki te angaje nan pwosesis sa epi ede nou rive la. Mwen ta renmen remèsye pèsònèlman Komisè Seggos ak Komisè Adjwen Brand pou sipò san fay yo. Ke se yon kontaminasyon istorik, oswa nouvo menas k ap emèje, Distri Dlo Bethpage la ap toujou kape pou kominote nou an, konsomatè nou yo, ak kalite dlo potab nou an."

Kevin Reilly, Sipèentandan Distri Dlo Massapequa, te deklare, "Nou kontan ke Northrop Grumman te dakò pou amande Dosye Desizyon k ap metrize pwogasyon devèsman an epi pwoteje sous dlo potab piblik la. Nou apresye efò DEC nan reyalyasyon pwojè sa."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418